# ǴÁREZSIZLIK JÍLLARÍ QARAQALPAQSTAN AWÍL XOJALÍQ KADRLARÍ

**Mnajatdinova Q.A.**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik Universiteti “Arxeologiya” kafedrası*

**DOI:** https://doi.org/10.5281/zenodo.15643866

***Annotaciya.*** *Qaraqalpaqstanda ǵárezsizlik jıllarında agrar tarawda kadrlar tayarlaw boyınsha joqarı nátiyjelerge erisildi. Awıl xojalıǵın rawajlandırıw hám jetkilikli qánigeler menen támiyinlew maqsetinde mámleketimizde orta arnawlı hám de joqarı oqıw orınların ashıw jedel rawajlandı hám bular boyınsha rejeli túrde jumıslar alıp barıldı. Bul maqalada agrar taraw qánigeleri hám ilimiy jańalıqları haqqında maǵlıwmatlar tolıq keltirilgen.*

***Tayanısh sózler****: Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı, agrar tálim, kadrlar siyasatı, awıl xojalıǵı, reformalar.*

Respublikamızda awıl hám suw xojalıǵı tarmaqların kerekli qánigelikler, joqarı mamanlıqtaǵı kadrlarǵa bolǵan talabın támiyinlewde awıl xojalıqǵı tarawında qánigeler tayarlaytuǵın oqıw orınlarınıń áhmiyeti girewli. Sonlıqtanda respublikamız tarmaqlarıńında kadrlarǵa bolǵan talabın esapqa alǵan halda joqarı oqıw orınları hám olarda tayarlanatuǵın tálim baǵdarları tańlanadı hám usınıń tiykarında bul taraw rawajlandırıladı.

Agrar qatnasıqlar tariyxı boyınsha izertlewler Qaraqalpaqstanda XX a’sirdin’ 60-jıllarında baslang’an[3,67]. Ózbekstan Respublikasında ǵárezsizlik jıllarında agrar tarawdı rawajlandırıw, azıq-awqat qáwipsizligin támiyinlew hám jer-suw resurslarınan aqılǵa ılayıq paydalanıw tiykarǵı baǵdarlardan biri sıpatında belgilendi. Ásirese, ekologiyalıq hám klimatlıq jaqtan qıyın aymaq bolǵan Qaraqalpaqstan Respublikasında awıl xojalıǵı tarawı ushın joqarı mamanlıqtaǵı kadrlardı tayarlaw áhmiyetli máselege aylandı Ǵárezsizlikten soń agrar tarawda túpkilikli reformalar ámelge asırıldı[1,29]. 1992-2022-jıllar dawamında Qaraqalpaqstanda awıl xojalıǵına baylanıslı qánigelesken mákemeler sanı arttı. Mısalı, Tashkent irrigaciya hám awıl xojalıǵın mexanizaciyalastırıw institutı Nókis filialı 1995-jılı shólkemlestirilgen hám búgingi kúnde hár jılı ortasha 300 den aslam agrar qánige tayarlaydı.Bunnan tısqarı, Nókis Mámleketlik pedagogikalıq institutında (házirgi NMPI) "Tábiyıy pánler" fakultetinde ekologiya, biologiya hám agrotexnologiyalar boyınsha kadrlar tayarlanadı.

Házirgi waqıtta Qaraqalpaqstanda agrar kadrlar tayarlaytuǵın oqıw orınlarına: Nókis mámleketlik pedagogikalıq Institutı, Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyaları institutı, Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetlerinde awıl xojalıq kadrları boyınsha kóplegen qánigeler tayarlap kelmekte. Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde házirgi waqıtta “Ekologiya” kafedrasında Topıraqtanıw tálim baǵdarı, magistratura hám tayanısh

doktarantura basqıshları boyınsha tálim almaqta. Topıraqtanıw qánigeligi boyınsha bakalavrda 100 den aslam studentler qaraqalpaq hám ózbek tillerinde, 3 magistrant, 4 doktarant bar hám de awıl xojalıǵı boyınsha 4 ilim kandidatları jumıs alıp barmaqta.

Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde awıl xojalıǵı ilimleri boyınsha birneshe ilim doktorları hám ilim kandidatları jetisip shıqqan. Mambetnazarov Bisenbay Satnazarovich, Awıl xojalıǵı ilimleriniń doktorı, professor, akademik. Qaraqalpaqstan Respublikasına miyneti singen ilim ǵayratkeri. 1943-jılı Shımbay rayonında tuwılǵan. 1970-jılı Tashkent awıl xojalıq institutın tamamlaǵan. Qánigeligi agroximiya hám topıraqtanıw. 1991-jılı «Гидромодулные районирование и режим орошения култур хлопкового севооборота ККАССР»temasında doktorlıq dissertaciyasın jaqlaǵan. 270 den artıq Respublika hám xalıq aralıq jurnallarda, konferenciya toplamlarında maqala hám tezisleri baspada járiyalanǵan. Sonıń ishinde 5 monografiya, 7 oqıw hám oqıw-metodikalıq qollanbası baspadan shıqqan. Jergilikli hám xalıq aralıq ilimiy joybarlar baslıǵı hám orınlawshısı. Usı kúnge shekem 2 ilim doktorı hám 10 kandidatlıq dissertaciya jumıslarına basshılıq etken. 2009-jıldan baslap kafedra professorı lawazımında islegen.

Qosnazarov Qudaybergen Aytmanbetovich Awıl xojalıǵı ilimleriniń kandidatı, docent. 1950-jılı Shımbay rayonında tuwılǵan. 1972- jılı Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutın tamamlaǵan. Qánigeligi biologiya hám ximiya oqıtıwshısı. 1990 jılı «Рол еолового переноса в солевом режиме Южного Приараля» temasında kandidatlıq dissertaciyasın jaqlaǵan. 200 den artıq ilimiy miynetleri baspadan shıqqan. Sonnan: 1 oqıwlıq, 3 monografiya, 9 oqıw hám oqıw metodikalıq qollanbası baspadan shıqqan. 2018-jıldan baslap Qaraqalpaq mámleketlik universitetiniń «Ekologiya hám topıraqtanıw» kafedrasınıń docenti lawazımında islep kelmekte.

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 1992-jılı 28-fevraldaǵı " Respublika jańa oqıw orınların shólkemlestiriw haqqında"ǵı Pármanına, Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 1992-jılı 11-marttaǵı qararı hám Ózbekstan Respublikası Joqarı hám orta arnawlı bilimlendiriw ministrliginiń kollegiyasınıń 1992-jılı 26-apreldegi 4/5-sanlı qararına tiykarlanıp, Qaraqalpaq mámleketlik universiteti awıl xojalıǵı ekonomikası fakulteti bazasında, Tashkent mámleketlik agrar universitetiniń Nókis filialı etip ashıldı[2,5]. Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyaları institutı Ózbekstan Respublikası Ministrler Kabinetiniń 2021-jıl 4-maydaǵı Qaraqalpaqstan awıl xojalıǵı hám agrotexnologiyalar institutı iskerligin rawajlandırıw haqqında"ǵı 275-sanlı qararı menen Tashkent mámleketlik agrar universitetiniń

Nókis filialı negizinde ashıldı. Institut shet el mámleketleriniń 28 Joqarı oqıw orınları hám 3 ilimiy izertlew institutı menen birge islesip kelmekte. Házirgi waqıtta institutta 16 kafedra hám 4 fakultette 200 den zıyat professor-oqıtıwshılar, solardan 9 ilim doktorı hám 100 den zıyat ilim kandidatları iskerlik etip kelmekte.

Keyingi jıllardaǵı statistikalıq maǵlıwmatlarǵa kóre, Qaraqalpaqstan Respublikasında jumıs alıp barıp atırǵan awıl xojalıǵı baǵdarındaǵı qánigelerdiń 27,3 procentin 35 jasqa shekemgi jaslar quraydı.

Qaraqalpaqstanda ǵárezsizlik jıllarında agrar tarawda kadrlar tayarlaw boyınsha áhmiyetli nátiyjelerge erisildi. Házirgi waqıtta shet el tájiriybelerinen paydalanǵan halda hám birge islesiwler nátiyjesinde awıl xojalıǵın rawajlandırıw hám maman qánigelerdi tayarlaw boyınsha mámleketimizde kóplep reformalar hám is-ilajlar alıp barılmaqta.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. O‘zbekiston Respublikasi Prezidenti qarori. “Qishloq xo‘jaligi sohasida oliy ta’lim tizimini takomillashtirish to‘g‘risida” PQ–4339-son. — Toshkent, 2019-yil.
2. “Ташкент мәмлекетлик аграр университетинин Нөкис филиалына 25 жыл” Ташкент 2017
3. Татыбаев С.У. К вопросу истории формирования каракалпакской социалистической нации //Вестник КК ФАН УзР. – Нукус, 1961. – №2.